

Pwen Enpòtan sou Ouvèti Enskripsyon an Avantaj 2026 yo



HelloFresh konprann anplwaye nou yo se byen ki pi presye nou, epi nou angaje nou pou investi nan byennèt ou. Pwogram avantaj konplè nou an fèt pou satisfè bezwen patikilye ou yo, ofri pri abòdab, epi sipòte tout moun ki chita bò tab HelloFresh la. Nou ofri yon seri avantaj pou ede w rete an sante, santi w an sekirite, epi atenn objektif ou yo.

HelloFresh ap fè plizyè chanjman nan pwogram nan apati 2026, epi n ap ofri resous pou ede w ak pwosesis enskripsyon an. Ou ta dwe **revize enfòmasyon ki vini ak dokiman sila a** pou yon apèsi jeneral epi **eskane kòd QR ki anba a pou w jwenn aksè a Gid Avantaj yo ak Mikwosit la**. Ou ap kapab tou pran **yon randevou ak konseye enskripsyon yo sou plas nan semèn k ap vini yo**.

Ou dwe patisipe nan pwosesis enskripsyon Workday la pou asire w ou enskri nan kouvèti ou vle a pou 2026.

Sa ki Nouvo!

- ✓ HelloFresh pral ofri yon 3yèm opsyon rejim medikal: Plan Ko-pèman Aksè Lib Plis (OAP) ak Kont Ranbousman Sante (HRA): \$5,000 dediktib, yon plan-ki baze sou kont akfinansman epi Kopèman patwon an. HelloFresh ap kouvri 100% kontribisyon pewòl anplwaye ou yo pou kouvèti anplwaye sèlman.
- ✓ HelloFresh ap ofri yon 2yèm plan dantè: yon opsyon debaz ak yon opsyon siplemantè, epi n ap kontinye peye yon pòsyon nan prim lan.
- ✓ HelloFresh ap kouvri 100% nan egzamen swen po preventif yo nan kad plan HRA ak Kopèman Tradisyonèl yo. Nan Kad Plan Sante ki gen dediktib ki wo (HDHP) ak HSA a, yo kouvri a 100% aprè yo fin peye dediktib la.
- ✓ Asirans Vi Antye ak Swen Alontèm atravè Allstate/Standard.
- ✓ Asirans legal atravè MetLife.

Chanjman enpòtan!

- ✓ Y ap egzije dediksyon sou pewòl pou tout plan medikal ak nivo kouvèti, eksepte pou kouvèti ki rezève pou anplwaye nan kad Plan Kopeman OAP ak Kont Ranbousman Sante (HRA). HelloFresh ap kouvri a 100% sèvis telesante (MDLive) pou tout plan medikal yo.
- ✓ Asirans ou Achte anplis pou Andikap Alontèm ak Vi Volontè ap garanti a tout anplwaye ki kalifye nan Ouvèti Enskripsyon an.
- ✓ Plan Asirans Sante ak Dediktib ki Wo (HDHP) avèk Kont Epay Sante (HSA): Te gen yon ogmantasyon nan dediktib ak maksimòm lajan k ap sot nan pòch ou a ki rive a \$3,400. Kounye a gen yon dediksyon prim sou pewòl pou tout nivo kouvèti.
- ✓ Anplwaye yo ap peye tout prim plan swen vizyon yo a 100%.

Si w pa patisipe nan enskripsyon ouvè a epi w sou plan Kopèman Tradisyonèl OAP a: Avèk yon dediktib \$1,000, plan HDHP a ap ranplase kouvèti ou genyen kounye a otomatikman. Gade paj 2 -3 pou plis detay.



Eskane La pou konsilte Gid Avantaj yo ak Mikwosit la pou plis enfòmasyon sou Avantaj ki dekri la a.



Ki Mezi mwen ta dwe pran?

Enpòtan! Ou DWE patisipe nan peryòd enskripsyon ouvè ane sa a. Si ou pa fè yon chwa, pwoteksyon medikal ou ye kounye a ap otomatikman ranplase pa Plan Medikal HDHP a ak Plan Dantè Debaz la pou ou menm ak moun ki sou kont ou yo. Menm si ou pa vle fè okenn chanjman nan avantaj ou yo, nou mande w pou w konplete pwosesis enskripsyon an pou konfime presizyon enfòmasyon pèsonèl ou ak enfòmasyon moun ki sou kont ou yo, konfime asepsasyon kouvèti pa defo yo, epi enskri oswa re-enskri nan yon Kont Depans Fleksib (FSA).

Enskripsyon ouvè a se sèl moman nan ane a ou ka chanje avantaj ou yo. Si ou pa fè okenn chanjman pandan peryòd enskripsyon ouvè a soti **5 novanm 2025 pou rive 18 novanm 2025**, ou p ap kapab fè chanjman apresya sèl si yon evènman kalifyab rive. Chanjman yo dwe fèt nan Workday, ansanm ak dokiman ki jistifye chanjman yo (pa egzanp, akdenesans, ak maryaj, elatriye) nan lespas 31 jou aprè evènman an.

- ✓ Tcheke dokiman enskripsyon 2026 ou yo sou benefitsgo.com/hellofresh.
- ✓ Pou finalize chwa ou yo pandan peryòd enskripsyon ouvè a:
 - **Anliy:** Konekte sou <https://wd103.myworkday.com/hellofresh/login.html> (oubyen itilize aplikasyon mobil Workday la)
 - **Rele:** Kontakte HelloFresh Benefits and Payroll Connect nan **1-877-431-7867** (Lendi-Vandredi, 8 a.m. pou rive 5 p.m. Lè Santral; tradiksyon disponib)**Apati 5 novanm**, ou ka enskri, chanje chwa ou genyen kounye a, chwazi nouvo avantaj opsyonèl, oubyen re-enskri nan Kont Depans Sante (FSA) oubyen Kont Depans Swen Moun ki Sou Kont Ou (FSA) pou 2026
- ✓ W ap bezwen ajoute oswa mete ajou enfòmasyon benefisyè w yo nan Workday pou w ka ranpli fòmilè enskripsyon ouvè a. W ap bezwen non, nimewo telefòn, adrès ak sityasyon famiyal.
- ✓ Ranpli epi soumèt enskripsyon ou a anvan 18 novanm 2025. **Pa gen okenn eksepsyon** aprè 18 novanm 2025.
- ✓ Ou ta dwe konsève konfimasyon avantaj ou yo pou achiv ou lè w enprime li, anrejistre li, oswa pran yon kapti ekran oswa yon foto ak telefòn ou, paske p ap gen okenn konfimasyon pa imèl ki disponib.

Ou ka fè chanjman nan plan 401(k) ou a nenpòt ki lè pandan ane a lè w ale sou kont ou a nan voyaretirementplans.com oubyen lè w sèvi avèk aplikasyon Voya Retire a. Ou poko enskri? Enskri jodi a, vizite enroll.voya.com oswa rele **1-888-311-9487**. Itilize Nimewo Plan: **551637** ak Nimewo Verifikasyon: **55163799** pou enskri.

Dat limit enskripsyon an

Kalite Anplwaye/Depandan	Posibilite pou Enskri	Dat kouvèti an antre an vigè
Anplwaye aktyèl	Pandan peryòd enskripsyon ouvè a ki kòmanse 5 novanm 2025 epi ki fini 18 novanm 2025.	1ye janvyè 2026
Nouvo Anplwaye	Pral gen yon doub enskripsyon pou nouvo anplwaye ki kòmanse ant 5 novanm 2025 ak 31 desanm 2025, pou chwa 2025 ou yo. Yon fwa enskripsyon nouvo anplwaye a fini epi trete, w ap gen pou w ranpli travay Enskripsyon Ouvè a nan de semèn pou chwa 2026 yo.	
Anplwaye ki fè eksperyans yon Evènman Vi ki Kalifyab (QLE)	Yon fwa enskripsyon pou evènman Vi ki Kalifyab la trete, pou QLE ki efektif an 2025 epi ki trete aprè 5 novanm 2025, w ap oblije ranpli yon nouvo Enskripsyon Ouvè nan de semèn pou chwa 2026 yo.	

Prensipal avantaj pou 2026 yo

Kalite Avantaj	Èske Chwa 2025 ou yo y ap kontinye ak yo pou ane 2026 la?	Èske w ta renmen revize chwa sa yo?	Chwa Anplwaye	Sa HelloFresh Founi
Preskripsyon Medikal/Famasetik (Rx)	Nesesite yon Aksyon - si w pa fè chwa ane sa, plan aktyèl ou a pa defo ap plan HDHP a	X	X	
Dantè	Nesesite yon Aksyon - si w pa fè chwa ane sa, plan aktyèl ou a pa defo ap Plan Dantè Bazik la	X	X	
Vizyon	Wi	X	X	
Kont Epay Sante (HSA)	Wi	X	X	
Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (FSA)	Ou Sipoze Fè Nouvo Chwa	X	X	
Kont Depans Fleksib pou Swen Moun ki Depann de ou (FSA)	Ou Sipoze Fè Nouvo Chwa	X	X	
Aksidan Volontè, Maladi ki Grav ak Endamnite nan Kad Moun lan Etènè	Wi	X	X	
Kont pou Depans Transpò	Wi	X	X	
Kont pou Depans nan Paking	Wi	X	X	
Asirans Vi Bazik ak AD&D Pou Anplwaye	Wi	X		X
Asirans Vi Bazik ak AD&D Pou Anplwaye, Madanm/Mari/Moun w ap viv avè l la, ak timoun (yo)	Wi	X	X	
Andikap Akoutèm	Wi	X		X
Andikap Alontèm	Wi	X		X
Asirans ou Achte anplis pou Andikap Alontèm	Wi	X	X	
Plan Retrèt 401(k)	Wi	X	X	
Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP)	Li Pa Neseseite Yon Chwa	X		X
Swen antanke Bakòp pou Timoun ak Granmoun	Li Pa Neseseite Yon Chwa	X		X
Sèvis pou Redui Bil Medikal	Li Pa Neseseite Yon Chwa	X		X
Asirans Vi Antye ak Swen Alontèm	Ou Sipoze Fè Nouvo Chwa	X	X	
Pwoteksyon Premye Plis Kont Vòl Idantite	Ou Sipoze Fè Nouvo Chwa	X	X	
ASIRANS Jiridik	Ou Sipoze Fè Nouvo Chwa	X	X	

Vizite nou sou entènèt pou plis enfòmasyon.

Anplis dokiman Pwen Enpòtan sa a, benefitsgo.com/hellofresh se sèl kote ou ka jwenn enskripsyon ouvè pou tout avantaj ki disponib pou ou, tankou enfòmasyon tankou feyè ak videyo nan men konpayi asirans yo pou ede ou menm ak fanmi ou pran desizyon konsènan avantaj 2026 yo.

Ou kapab jwenn aksè tou a MyHelloFreshBenefits.com pou plis enfòmasyon pandan tout ane a. Ou pa bezwen kreye yon kont, epi ou ka jwenn aksè ak li pandan tout ane a sou yon òdinatè, yon tablèt oswa yon telefòn mobil. **Tanpri sonje gen tou yon meni dewoulan nan kwen anwo gòch paj akèy la pou ou chwazi lang ou prefere a.**

Plis enfòmasyon konsènan Kont Plan Sante yo

Kisa ki yon Plan Ranbousman Sante (HRA)?

Yon HRA oswa Kont Ranbousman Sante, se yon kont avantaj ke patwon an finanse ki pèmèt yo ranbouse anplwaye yo pou depans medikal ki kalifye yo. Yon HRA ap ede w redui depans lajan k ap sot nan pòch ou pou swen sante, epi li ap ba ou plis fleksibilite nan jesyon depans medikal yo.

Si yon anplwaye fè chwa plan sa, HRA a ap bay premye dola kouvèti a otomatikman pou tout depans ki lye ak dediktib oswa nenpòt kopeman ki obligatwa kit li se medikal oswa preskripsyon. Ou pa p gen bezwen pou w soumèt reklamasyon pou ranbousman. Patwon ou ap met lajan sou kont lan, epi ou menm ou ka itilize li pou w peye bagay tankou vizit kay doktè, medikaman, oswa lòt depans swen sante.

Si w enskri nan kouvèti endividyèl la sèlman, HelloFresh ap finanse HRA la a \$100. Si w nan yon kategori ki gen depandan, montan an ap \$200. Lajan ki sou kont HRA ou a se konpayi an ki ba ou l—yo pa p dedui l sou chèk salè w la.

Tanpri n ap mete w okouran ke, fon yo pa travèse vè lòt ane si w pa itilize montan total la pandan ane a. Apre w fin itilize fon an, se ou ki responsab pou tout lòt depans ki rete pandan rès ane a.

Kisa ki yon Kont Epay Sante (HSA)?

Kont Epay HSA a se yon kont ki gen avantaj pou kesyon taks ki ka ede w ekonomize lajan sou depans swen sante ki elijib yo. Kont sa pèmèt ou mete lajan akote avan menm ou peye taks pou w ka peye pou depans ki elijib, tankou dediktib, kopeman ak ko-asirans.

Pou w ka elijib pou w kontribiye nan yon Kont Epay Sante (HSA), ou sipoze enskri nan yon plan sante ki gen dediktib ki wo (HDHP) ou pa sipoze enskri nan Medicare oswa TRICARE, ou pa sipoze gen lòt kouvèti ki HDHP, yo pa sipoze deklare w antanke yon depandan nan deklarasyon fiskal yon lòt moun, epi w pa sipoze kouvri a yon kouvèti jeneral plan sante FSA oswa HRA.

Ki kantite ou kapab bay?	Limit Kontribisyon IRS pou Ane 2026 la*
Kouvèti endividyèl	\$4 400
Kouvèti Familyal	\$8 750

*Moun ki gen 55 lane oswa plis kapab bay yon kontribisyon \$1,000 anplis antanke "ratrapaj".

Ki Plan ki Mye pou Ou?

Plan Kopèman Open Access Plus (OAP) ki Gen Kont Ranbousman Sante ladan l (HRA)	Open Access Plus (OAP) Plan Kopèman Tradisyonèl	Plan ki Gen Dediktib ki Wo (HDHP) ki Gen Kont Ranbousman Sante ladan l (HRA)
Dediktib ki pi wo (\$5,000), men patwon ou a ba ou yon Kont Ranbousman Sante (HRA) pou ranbouse tout tip depans ou yo. Si w kite travay la, w ap pèdi fon HRA ou pa itilize yo.	Dediktib ki pi ba (\$1,000), epi se ou k ap peye pou vizit kay doktè ak preskripsyon yo imedyatman. San HSA oswa HRA. Nòmalman kontribisyon yo pran sou pewòl ou a pi plis, men ou gen mwens lajan k ap sot nan pòch ou anvan ko-asirans antre.	W ap peye yon dediktib ki pi wo (\$3,400) epi w ap kouvri tout depans sante yo jiskaske w rive nan montan dediktib la. Apre sa, se plan an k ap kouvri pifò depans ou yo. Ou kapab kontribiye tou nan yon Kont Epay Sante (HSA) san w pa peye taks sou onkenn dola, epi lajan sa se pou ou l ap ye - menm si w ta chanje travay.